

Prekosyon pou Vòl Idantite: Konsèy pou Biznis yo

Nou konnen kliyan ou yo enpòtan pou ou. Pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl yo kont vòl idantite se pa sèlman bon biznis, men tou se lalwa. Pou ede ou gen siksè avèk kliyan yo, epitou pou konfòme ou avèk lwa federal, lwa leta ak lwa lokal ki egzije ou pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl kliyan ou yo, Depatman Afè Konsomatè Vil New York (DCA) ofri rezime sa a sou pratik lejislatif yo ak sou pi bon pratik yo. Si ou pa konfòme ou sa ka reprezante yon vyolasyon lwa Vil New York yo sou Pwoteksyon Kliyan ak sou Lwa pou Gen Lisans.

Konnen Lalwa

Pwogram Prekosyon pou Vòl Idantite. Depi mwa novanm 2009, enstitisyon finansye yo ak enstitisyon ki prete lajan yo dwe mete “pwogram prekosyon pou vòl idantite” yo nan operasyon. Pwogram yo dwe bay detay sou fason enstitisyon finansye yo ak enstitisyon ki prete lajan yo ap idantifye, detekte, ak reponn modèl, pratik oswa aktivite espesifik—ki rele “siyal danje”—ki ta ka endike vòl idantite. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- Fair and Accurate Credit Transactions (FACT) Act of 2003, (Lwa 2003 sou Tranzaksyon Kredi Onèt ak Jis (FACT)), Règ pou Siyal Danje: 16 CFR 681.2

Eliminasyon Dosye. Yo dwe elimine papye ak dosye dijital ki gen enfòmasyon sou kliyan yo kòrèkteman. Dechiktaj se yon metòd ki akseptab pou dosye ki nan papye. Itilize lojisye “itilite efasman” pou efase done ki nan òdinatè yo nèt—efasman senp pa ase lè y ap resikle òdinatè yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- New York City Administrative Code § 20-117 (g) (Kòd Administratif Vil New York § 20-117 (g))
- New York State General Business Law Article 26 § 399-H (Section GBS) (Atik 26 § 399-H ki nan Lwa sou Biznis Jeneral Eta New York (Seksyon GBS))
- Federal Trade Commission Disposal Rule, 16 CFR Part 682 (Règ Komisyon Federal Komès pou Eliminasyon, 16 CFR Part 682)

Vyolasyon Sekirite. Si ou vin konnen yon moun ki pa otorize te jwenn enfòmasyon kliyan yo, ou gen obligasyon pou fè kliyan ki afekte yo, ak otorite apwopriye konnen sa, ak DCA tou. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- New York City Administrative Code § 20-117 (Kòd Administratif Vil New York § 20-117)
- New York State Information Security Breach and Information Act, (Lwa Eta New York konsènan Vyolasyon Sekirite Enfòmasyon ak Enfòmasyon), New York State Technology Law § 208 (Section STT) (Lwa Eta New York konsènan Teknoloji § 208 (Seksyon STT))

Règleman sou Enfòmasyon Prive. Tout enstitisyon finansye yo dwe kreye ak divilge ba kliyan yo règleman yo genyen sou enfòmasyon prive. Anjeneral, lalwa defini “enstitisyon finansye” kòm enstitisyon ki gen ladan konpayi ki ofri pwodui oswa sèvis finansye pou moun tankou prè, konsèy finansye oswa konsèy sou envestisman, oswa asirans. Sa gen ladan tou biznis ki fè nenpòt tranzaksyon finansye dirèkteman (tankou bank), oswa ki ede fasilite tranzaksyon yo, tankou tretman manda postal, ankèsman chèk, koutaj prè yo (tankou konsesyonè vwati ize, magazen mèb, elatriye), ajan rekouvreman, espesyalis nan deklarasyon revni, ak plis. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- Gramm-Leach-Bliley (GLB) Act (Lwa Gramm-Leach-Bliley (GLB))
- Federal Trade Commission Safeguards Rule (Règ Komisyon Komès Federal pou Sekirite), 15 U.S.C. § 6801-6809

Resi. Tout biznis ki aksepte peman avèk kat kredi dwe retire dat ekspirasyon an ak tout kat (5) dènye chif nimewo kat kredi a nan resi kliyan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- Fair Credit Reporting Act (FCRA) (Lwa sou Rapòtaj Kredi Onèt (FCRA) § 605 (g))
- New York State General Business Law Article 29-A § 520-a (Section GBS) (Atik 29-A § 520-a ki nan Lwa sou Biznis Jeneral Eta New York (Seksyon GBS))

Pi bon pratik yo

Pwotokòl Sekirite. Revize kijan biznis ou pwoteje enfòmasyon kliyan yo—sètadi, kote ou konsève enfòmasyon yo ak kimoun ki gen aksè ladan yo—epitou chanje pwotokòl yo jan li nesèsè pou fè gen plis sekirite. Antrene anplwaye yo pou yo konnen règleman konpayi a sou enfòmasyon prive, ak fason pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl kliyan yo.

Mande Pyès Idantite (ID). Anplwaye yo ta dwe mande idantifikasyon lè kliyan yo peye avèk kat kredi. Si anplwaye yo sispèk yon tranzaksyon, epi yo panse moun k ap eseye fè tranzaksyon an ka vòlè kat kredi a, yo ta dwe rele sèvis tretman kat kredi magazen an, epitou yo ta dwe rapòte yon "Kòd 10." Yon fason delika, ekspresyon sa a ap avèti konpayi kat kredi a pou fè li konnen yon posib aktivite vòl idantite.

Pran Mwens Enfòmasyon. Pran sèlman enfòmasyon ki nesèsè pou fè tranzaksyon an, epi konsève enfòmasyon ou pran yo pandan tout tan ki nesèsè. Tank ou konsève mwens enfòmasyon sou kliyan yo, tank ou gen mwens enfòmasyon pou pwoteje.

Mete Restriksyon sou Aksè. Asire dokiman ki gen enfòmasyon idantifikasyon kliyan yo, tankou kopi aplikasyon oswa kopi resi kat kredi machann yo pa kote pou anplwaye yo oswa piblik la wè yo, oswa pa kote ki fasil pou jwenn. Yon espas estokaj ki fèmen ak kle kapab bay yon bon pwoteksyon.

Òdinatè ki gen Sekirite. Enstale lojisyèl anti-viris ak para-fe nan òdinatè yo, epi enstale nouvo vèsyon an regilyèman. Asire ekonomizè ekran ki pwoteje modpas la limen depi yon òdinatè pa aktif.

Rete Ajou avèk Mezi Sekirite nan Entènèt. Manadjè teknoloji ou ta dwe toujou konnen nouvo pwoblèm oswa domèn enkyetid ki nan sekirite nan Entènèt. Konsilte Komisyon Komès Federal nan ftc.gov pou jwenn resous ki rekòmande sou dènye vèsyon teknoloji. Itilize planifikatè Small Biz Cyber Komisyon Kominikasyon Federal nan sitwèb fcc.gov/cyberplanner pou kreye yon plan sekirite entènèt pou konpayi ou.



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb nyc.gov/consumers.
Pou jwenn enfòmasyon sou lwa federal ak lwa leta ki endike la a, tanpri kontakte òganizasyon ki site yo.